

## Ti Plent

Yo regle dosye ti plent yo sou baz règleman espesyal pou konvokasyon. Tanpri, gade bwochi a oswa ti plent pou règleman sa yo.

### Konvokasyon pou Minè, Antrepriz, Patenarya, Vil, Vilaj ak Distri

Gen règleman espesyal pou konvokasyon yo pou tip pati sa yo. Katriyèm (4yèm) Règleman nan Règleman sou Pwosedi Sivil yo dekri règleman sa yo.

### Biwo Cherif la

ANDROSCOGGIN COUNTY  
2 Turner Street, Auburn, ME 04210  
(207) 753-2500

AROOSTOOK COUNTY  
25 School Street, Suite 216, Houlton, ME 04730  
(207) 532-3471

CUMBERLAND COUNTY  
36 County Way, Portland, ME 04102  
(207) 774-1444

FRANKLIN COUNTY  
123 County Way, Farmington, ME 04938  
(207) 778-2680

HANCOCK COUNTY  
50 State Street, Suite 10, Ellsworth, ME 04605  
(207) 667-7575

KENNEBEC COUNTY  
73 Winthrop Street, Augusta, ME 04330  
(207) 623-3614

KNOX COUNTY  
301 Park Street, Rockland, ME 04841-5302  
(207) 594-0429

### Biwo Cherif la (Cont.)

LINCOLN COUNTY  
42 Bath Road, P.O. Box 611, Wiscasset,  
ME 04578 | (207) 882-7332

OXFORD COUNTY  
26 Western Avenue, P.O. Box 179, South Paris,  
ME 04281 | (207) 743-9554

PENOBCOT COUNTY  
85 Hammond Street, P.O. Box 943, Bangor,  
ME 04402 | (207) 947-4585

PISCATAQUIS COUNTY  
52 Court Street, Dover-Foxcroft, ME 04426  
(207) 564-3304

SAGADAHOC COUNTY  
752 High Street, P.O. Box 246, Bath, ME 04530  
(207) 443-8528

SOMERSET COUNTY  
131 E. Madison Road, Madison, ME 04950  
(207) 474-9591

WALDO COUNTY  
6 Public Safety Way, Belfast, ME 04915  
(207) 338-6786

WASHINGTON COUNTY  
83 Court Street, Machias, ME 04654  
(207) 255-4422

YORK COUNTY  
1 Layman Way, Alfred, ME 04002  
(207) 324-1113

## Avize Lòt Pati a: Fason pou I Remèt Dokiman Jiridik yo



Pou plis enfòmasyon sou konvokasyon yo,  
ale sou [www.courts.maine.gov](http://www.courts.maine.gov).



[www.courts.maine.gov](http://www.courts.maine.gov)

## Ki sa "konvokasyon" an ye?

Lè w pousuiv yon moun lajistis oswa yon dosye familyal nan yon tribinal, ou dwe fè lòt pati a konnen ou pote dosye a devan tribinal la. Gen kèk fason pou w fè sa, selon ki moun oswa ki sa lot pati a ye. Se voye dokiman bay lot pati a pou asire w li okouran sou dosye yo rele "Konvokasyon" an. Yo esplike fason pou w fè sa pi ba a.

Aprè w fin konvoke yon pati, ou dwe depoze "prèv konvokasyon" an (dokiman ki montre lòt pati a te resevwa dosye a) nan tribinal la. Tribinal la p ap mete dosye w la nan lis toutotan w pa depoze prèv konvokasyon an.

### 1. Konvokasyon Fasafas oswa pa Lapòs

Jeneralman, yo ka bay konvokasyon yo twa (3) fason:

1. Konvokasyon fasafas oswa pa lapòs,
2. Konvokasyon pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon nan dosye familyal, ti plent, epi kèk ka sivil ki gen propriete ladan I jan yo esplike sa pi ba a, oswa
3. Konvokasyon Cherif la.

- Bay lòt pati a dokiman jiridik yo nan men, avèk "Akize Resepsyon Envitasyon an ak Plent" (CV-FM-036) ou gentan siyen an. Mande pati a pou l siyen epi voye fòmilè akize resepsyon an tounen ba ou.

-OSWA-

- Resevwa de (2) kopi fòmilè "Akize Resepsyon an ak Resi a" (CV-FM-036) epi siyen toulede. Kenbe yon (1) kopi pou tèt ou. Voye lòt kopi a ak kopi dokiman jiridik yo bay lòt pati a pa lapòs. Ekri yon

lèt pou w voye ansanm ak dokiman yo pou w mande pati ki konsène a pou l siyen fòmile "Akize Resepsyon" an epi voye l tounen ba ou. Yo rekòmande pou w itilize yon anvlop ki gen tenb ak adrès pèsonèl ou sou li ak dokiman yo pou l ka fasil pou lòt pati a voye l tounen ba ou.

Si w resevwa fòmilè "Akize Resepsyon" an siyen nan espas ven (20) jou apre dat ou te bay lòt pati a li a oswa w te voye l pa lapòs la, ou dwe depoze fòmilè sa nan tribinal la kòm "prèv revni." Kenbe yon kopi pou tèt ou. Si w pa resevwa "Akize Resepsyon" an nan espas ven (20) jou, ou dwe voye dokiman jiridik yo lè w itilize yon lòt tip konvokasyon ki mache ak dosye w la.

### 2. Konvokasyon pa Mwayen Korespondans ki Sètifye avèk Limit Livrezon

Ou ka voye dokiman jiridik yo bay lòt pati a pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon nan dosye familyal (pa egzanp: divòs ak dosye sou dwa ak responsablite paran), ti plent ak kèk dosye sivil ki gen rapò ak pwopriyete lè moun nan pa nan eta a. Si w pa fin sèten si yo pèmèt konvokasyon pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon nan dosye w la, tanpri, pale ak yon avoka.

Voye dokiman jiridik yo pa lapòs pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon bay lòt pati a. Pote dokiman ou bezwen voye yo nan biwo lapòs la epi di anplwaye lapòs la ou renmen voye yo pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon. Pa blyie mande yon "resi livrezon" ak "livrezon limite." Sa koute pi chè epi li mande kèk etap anplis.

Aprè w fin voye dokiman yo ale pa mwayen korespondans ki sètifye avèk limit livrezon, w ap resevwa yon kat vèt biwo lapòs la ap voye ba ou ak siyati lòt pati a ki montre pati a resevwa dokiman an.

Depoze kat vèt biwo lapòs la ba ou a nan tribinal la kòm "prèv konvokasyon." Kenbe yon kopi pou tèt ou.

### 3. Konvokasyon Cherif la

Pou w fè konvokasyon cherif la, premyèman, ou dwe jwenn yon "envitasyon" nan men grefye a. Yo mande yon ti frè pou fòmilè sa a. Ranpli l epi mete l ansanm ak dokiman w yo.

Voye l nan biwo cherif ki nan distri kote y ap konvoke lòt pati a oswa pran de (2) kopi nan dokiman jiridik ou vle voye yo. Mande cherif la bay lòt pati a dokiman an. Y ap bay lòt pati a yon kopi. Y ap voye lòt kopi a tounen ba ou, cherif la ap siyen l. Ou dwe peye cherif la pou l bay dokiman an. Opsyon sa a se mwayen ki pi fyab pou asire w yo konvoke lòt pati a.

Bay cherif la adrès kay lòt pati a. Si w panse sa ap difisil pou yo jwenn kay lòt pati a, bay cherif la adrès travay lòt pati a oswa yon lòt adrès kote w panse cherif la jwenn lòt pati a.

Adjwen ki bay lòt pati a dokiman jiridik yo ap ranpli yon "envitasyon" ki te fè pati tout dokiman jiridik ou te bay cherif la epi y ap voye l tounen ba ou pa lapòs.

Depoze envitasyon cherif la siyen an nan tribinal la kòm "prèv konvokasyon." Fè yon kopi pou tèt ou.